Пролетару дуней псом тетхэ, фызэгухьэкэ!

# ЧЕРКЕС ПЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым, горкомым я органщ

№ 72 (2299) | Махуэку, июным и 22-м 1944 гъ. | И уас кI. 20

## СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

### Июным и 20-м и оперативнэ сводкэ

**Июным и 20-м КАРЕЛЬСКЭ перешейкэм деж ЛЕНИНГРАДСКЭ фронтым и дзэхэм, Маннергейм и линия пхатхъам зырагъэубгъукIэрэ, бийм и зигъэнэныгъэмрэ Выборгскэ укрепление быдэмрэ зэпащIри икIи ебгъэрыкIуэхэри къащтащ город, крепость ВЫБОРГ. Абы нэмыщIу фронтым и дзэхэм наступление ирагъэкIуэкIкIэрэ, зауэкIэ къащтащ къуажэ 60-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ НУОРА, ЮЛЯСОММЕС, ЮЛЯСЯЙНИЕ, МАННИКАЛА, ЛУККЮЛЯ, КИРИККОМЯКИ, КОПРАЛА, КСЕУНИЛА, ПЕЛЛЯККЯЛЯ, икIи гъущIгъуэгу станцхэу КАЙСЛАХТИ, СОММЕ, СЯЙНИЕ, СУУРУЕРО, ПЕЛЛЯККЯЛЯ, РИСТСЕППЯЛЯ, ХЕЙНИОКИ.**

**Адрей фронтхэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.**

**Июным и 19-м и кIуэцIкIэ фронт псом дежи хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 38 къыраудыхащ.**

* * *

Карельскэ перешейкэм деж ди дзэхэм, Маннергейм и линия пхатхъам зырагъэубгъукIэрэ, финнхэм я Выборгскэ укрепленнэ районым икIахэщ. Бийм и оборонэ полос бгъуэу гъэбыдахэмрэ къарууфIэ укреплениемрэ зыфIигъанэкIэрэ советскэ дзэ наступать зыщIхэр зэтрагъэувыIэну щIэкъуахэщ. Ди пехотинцхэмрэ танкистхэмрэ, артиллериямрэ авиациямрэ къыдаIыгъкIэрэ, и гъунэр, атIанэ и кIуэцIымкIэ зэпхатхъащ финнхэм я Выборгскэ укрепленнэ районым и хъуреягъкIэ, город Выборг дыхьахэщ икIи урамхэм зауэ щырагъэкIуэкIыу хуейжьахэщ. Махуэм икIэхэм деж Ленинградскэ фронтым и дзэхэм ебгъэрыкIуэхэри къащтащ город, крепость Выборг. Плен куэдхэри трофейхэри къащтахэщ, абыхэм ящыщхэу топ бжыгъэ куэд, зекIуэ гъущIгъуэгу состав, автомашин куэд, боеприпас, зэщымыщ хьэпшып щIэлъхэу военнэ складхэр.

Ди бомбардировщикхэр, штурмовикхэр, истребительхэр увыIэгъуэ ямыIэу щIыгум щызауэ дзэхэм ядэIэпыкъуащ. Бийм и икIуэтыж колоннэхэм удын ирахкIэрэ, советскэ летчикхэм зэхакъутащ автомашинэ 80 дзэхэр ярысу, обоз заул военнэ хьэпшып хьэлъэхэр ярылъу, боеприпас щIэлъу склади 4 якъутахэщ. Н-скэ авиачастым и летчикхэр бийм и тылым щыIэ гъуэгу зэхыхьэпIэхэм теуащ икIи гъущIгъуэгу эшелонищ зэхакъутащ,

Краснознаменнэ Балтийскэ флотым и авиацияр бийм и кхъухь Выборгскэ заливым деж щыIэхэм удын ирахащ. БомбэкIэ еуэнығъэм къыхэкIкIэ, финскэ къухьищ, десантнэ баржитI, зыплъыхьакIуэ катер, буксиритI, баржитI щIырагъэлъэфахэщ. Бийм и транспортитIрэ нэмыщI заул кхъухьхэмрэ зэранығъэ ирахащ.

Махуэм и кIуэцIкIэ хьэуэм щырагъэкIуэкIа зауэм немецкэ-финскэ самолет 36-рэ къыраудыхащ.

* * *

Город Новоржев и ипщаIуэкIэ старшэ лейтенант Исаков и командованиекIэ зыплъыхьакIуэ гупыр псынщIу бийм и траншейм ихьахэщ. Советскэ боецхэм гитлеровц 25-рэ яукIахэщ. РадиостанцитI, пулеметиплI, плен къащтэхэкIэрэ я частхэм къэкIуэжахэщ.

* * *

Город Тирасполь и ипщаIуэкIэ бийм и пехотэм и ротэр ди оборонэр здэщыIэм къэкIуэну щIэкъуащ. Н-скэ частым и боецхэр немец къакIуэхэм минометым, пулеметым и нафIэхэмкIэ еуэхэу пыкъуэкIахэщ. Гитлеровцхэр порядкэншу икIуэтыжахэщ, ди позицияхэм деж я солдат 40-м я хьэдэхэр къыранэкIэрэ

* * *

Белорусскэ фронтым и зы участкэ гуэрым деж плен къащIащ немецкэ пехотнэ дывиз „Бранденбург" щыщ солдат гуп, красноармейскэ фащэкIэ хуэпахэу. А плен къащIахэм яхэту къыщIэкIащ 3-рей лигерскэ полкым и 9-рей ротэм и 2-рей взводым и фельдфебель Губерт Керстгес. Плен къэхъуа фельдфебелым допросым деж мы къэкIуэнухэр къыжиIащ:

Махуэ блэкIахэм сэ зыплъыхьакIуэ гупым и командиру сагъэуващ икIи урысхэр здэщыIэм плен къэзубыдыну сагъэкIуащ. Батальоным и командир капитан Вассерфале и приказкIэ, сэ адрей зыплъыхьакIуэхэри си гъусэу красноармейскэ фащэкIэ зыдагъэхуэпащ икIи урыс автоматхэрикI къыдатащ. Зы жэщмахуэм щIигъууэ дэ а къыдагъэлъэгъуа щIыпIэм деж дыщыIащ, ауэ дэ плен къэтщIыфаIэкъым икIи дгъэзэжыну дгъэуващ. Дэ здэдгъэзэжауэ дыздэкIуэжым урыс хэтIысхьахэм даIууащ. А сыхьэтым дэ дыкъаувыхьащ. Сэ зыкъыщысщIэжам щыгъуэ, зигъэнэныгъэ гуэр пщIыжыныр хэкIуэтат. Дэ ди Iэщэхэр тIахри икIи плен дащIахэщ".

Гитлеровцхэм зауэн ипэ зэрыщIадзэ лъандэрэ бзэджэныгъэ, бандитскэ методхэр ящIхэр. Советскэ Информбюром а немецкэ командованием и пцIхэр къыщIегъэщыр. Красноармейскэ фащэкIэ хуэпауэ ди оборонэм деж плену къаубыда немецкэ фельдфебелыр иджыри зэщыхьэту къытоувэр, зауэр зэрегъэкIуэкIын хуемкIэ псоми къызэдащтауэ щыт законхэр напэншагъэ хэлъу немецкэ командованием зэрымыгъэзащIэр. Немецкэ фашистскэ хьэкIэкхъуэкIэхэм а напэншагъэхэр ящIэкIэрэ ягугъэщ лIэныгъэм зыщахъумэнуэ, ауэ абы зыщахъумэфынухэкъым.

я къ...

# СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

## Июным и 21-м и оперативнэ сводкэ

Июным и 21-р екIуэкIыхункIэ ОНЕЖСКЭ гуэлым и ищхъэраIуэкIэ, ди дзэхэм наступатэльнэ зауэ ирагъэкIуэкIащ, город МЕДВЕЖЬЕГОРСК бийм и оборонэм и къуэкIыпIаIуэр зэпхатхъащ икIи къащтащ къуажэ заул, абыхэм ящыщхэщ рабочэ поселкэхэу ПОВЕНЕЦ, ПИНДУШИ, совхоз ПУШНОЙ, къуажэхэу ВИЧКА Мурманскэ гъущIгъуэгум щыщу. Ди дзэхэр бгъэдыхьэпащ город МЕДВЕЖЬЕГОРСК икIи городыбгъум зауэу щIадзахэщ.

ОНЕЖСКЭ, ЛАДОЖСКЭ гуэлхэм я зэхуакухэм деж ди дзэхэр наступлением хуэкIуэкIэрэ СВИРЬ псым и ипщэ Iуфэм щыIэ бийм и плецдармэм и зигъэнэныгъэр зэпашIащ икIи зауэкIэ къащтащ нэмыщI къуажи 100-м щIигъу, абыхэм ящыщхэу Ленинградскэ областым и районнэ центр ВОЗНЕСЕНЬЕ, къуажэшхуэхэу ГАНИНА, ЕРОСЕЛЬГА, ПЕТРОЗЕРО, ШЕЛЛЕНИЧИ, БАРДОВСКАЙ, ДЕМИДОВСКАЯ, НИСЕЛЬГА, СВИРЬСТРОЙ. Абхуэдэкlэрэ, СВИРЬ псым и ипщэ Iуфэм финнхэм яIыгъа мыхьэнэшхуэ зиIэ плацдармэр ди дзэхэм ягъэкIуэдащ.

ЛОДЕЙНЭ ГУБГЪУЭМ и районым деж КАРЕЛЬСКЭ фронтым и дзэхэр зауэкIэрэ СВИРЬ псым зэпырыкIахэщ, бийм и оборонэр зэпхатхъащ икIи СВИРЬ псым и ищхъэрэ Iуфэм деж плацдарм къэхъуащ.

КАРЕЛЬСКЭ перешейкэм деж ди дзэхэм наступлением зырагъэубгъукIэрэ, зауэкIэ къуажэ 50-м щIигъу къащтащ, абыхэм ящыщхэщ СОРВАЛИ (ЛИННО-САРИ островым деж ВЫБОРГ километри 2-кIэ и ищхъэрэкъухьэпIаIуэщ), ТАММИСО, ПАТАКАХИА, ТУОККОЛА, ХЕЙНИОКИ, САЛА-ПАККОЛА, КЯНТЮМЯ, гъущIгъуэгу станц ТАММИСУО.

Адрей фронтхэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Июным и 20-м и кIуэцIкIэ хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллерияи и нафIэмрэ бийм и самолет 24 къыраудыхащ.

# Областной Советым и XII-рей Сессия

Июным и 20-м Дом Советым и залым деж Областной Советым и депутат гъуащIэрыпсэухэм я XII-рей Сессия къызэIуахащ.

Сессиям деж председателу депутат **Агиров**, секретару **Сорокин** сымэ хахыр.

Сессиям повесткэ дня зытепсэлъыхьынур псори къещтэр:

1. Хьэбэз районым деж мэкъу зэщIэкъуэжыныр, силос илъхьэныр зэрекIуэкIымкIэ — доклад зыщIыр Хьэбэз Райсоветым и исполкомым и председатель т. **Гожев.**
2. 1943 гъэм и бюджетыр зэрагъэзэщIамкIэ икIи 1944 гъэм и бюджетыр ягъэувыныгъэмкIэ (докл. облфинотделым и зав. т. **Кузнецов**).

Епэрей вопросымкIэ доклад ещIыр Хьэбэз Райсоветым и исполкомым и председатель тов. **Гожев**.

Докладчикым къегъэлъагъуэр, гъатхэ вэн-сэным ехъулIэныгъэфI къалъэщахэр. Районым и кIуэцIкIэ вэныр нэхъ пасу яухащ махуэ 20 кIэ, гъэ блэкIам елъытауэ. Майм и 10-м ирихьэлIу сэныр яухащ колхозхэу „Пролетарий", „Красный Жако" къинэмыщIхэмикI. Ауэ районыр къыкIэрохур Iэщхэм щхьэкIэ мэкъумылэхэр гъэхьэзырыныгъэмкIэ.

Тов. Гожев зиумысыжащ, мэкъу зэщIэкъуэжыным хуэ мыхьэзыруэ зэрыщIадзар икIи хэкIуэтауэ. Колхоз мащIэхэщ июным и 10—11-м ирихьэлIу мэкъу къехьэлIэжыным щIэзыдзахэр. Июным и 18-м ирихьэлъу мэкъу зэщIэкъуэжыныр проценти 8 къудейщ зэрагъэзэщIар. Пшэч мыхъуну мэкъу зэщIэкъуэжыным хагъэкIуатэхэр колхозхэу „Пятилетка в 4 года", „Черкес-Плъыжь", Андреев колхозхэм.

Тэрэзуэ къыжиIащ Хьэбэз районым и кIуэцIкIэ мэкъу къехьэлIэжыным и щхьэусыгъуэхэр—областной земельнэ отделым и нач. т. Королев.

Хьэбэз районыр — жеIэр абы—живатноводческэщ. Абы щхьэкIэ колхозхэм нэхъри нэхъыбу мэкъумылэхэр Iэщхэм щхьэкIэ ягъэхьэзырын хуейщ. Июным и 19-м ирхьэлIу план силос илъхьэныр ягъэзэщIакъым районым. Мэкъу пыупщIыныгъэрикI Iейуэ йокIуэкIыр.

Содокладчикым щапхъэ куэдхэр къегъэлъагъуэ Хьэбэз районым мэкъу къехьэлIэжыныр зэрекIуэкIымкIэ. Тов. Гожев и докладым деж жиIащ Хьэбэз районым косилкиплIщ ремонт я мыщIыжари, ауэ абхуэду 13 къыщIэкIащ. Ремонт ящIахэри комиссиям ищтакъым. Мэкъу зэрыпаупщIыну графикхэр колхозхэм тэрэзу ящIэкъым. Бригадхэм норму ятелъхэр, расценкэхэр ящIэхакъым.

Тов. Королев ипэкIэ а районым ищIэн хуейуэ щытхэм, и планыр зэра ъэзэщIа хъунум къытепсэлъыхьащ.

Тов. Гожев и докладым и прениям къэпсэлъахэщ нэрыбгэ 18.

Къэпсэлъащ крайм и опытнэ станцым и агроном тов. Попов. Абы къыжиIащ, Iэщ хъуныгъэм пщIэ мащIэ зэрыхуащIыр Черкесскэ областым и колхозхэм. Абхуэдэ щIыпIэхэр Черкесскэ районым къыщыбгъуэтынущ.

Куэд щIакъым обком ВКП(б)-м и бюром постановление зэрищIрэ Кировскэ районым мэкъу зэщIэкъуэжыныр Iейуэ зэрыщекIуэкIым щхьэкIэ. Сессияр елъэIуащ Кировскэ райсоветым я исполкомым и председатель тов. **Емельянов** къэпсэлъэнуэ мэкъу зэщIэкъуэжыныр Iейуэ зэрырагъэкIуэкIым и причинэхэр жиIэну. Абы къыжиIащ, ар къызыхэкIыр колхозхэм я руководительхэм мэкъу зэщIэкъуэжыныр щабу зэрырагъэкIуэкIыращ. Тов. Емельянов щапхъэхэр къигъэлъэгъуащ Iейуэ мэкъу пыупщIыныр езыгъэкIуэкI колхозхэр.

Тов. Емелянов жеIэр, иджы мэкъу пыупщIыным советскэ, партийнэ организацияхэри пылъхэщ псынщIу силос илъхьэнымрэ мэкъу пыупщIнымрэ зэраухынум я къару псори ирахьэлIауэ.

Епэрей вопрос зэдэIуахэм кIэ унафэ быдэхэр ящIащ Сессиям хэта псори зэхуаразыуэ.

АбыкIэ пщыхьэщхьэ Сессиям и заседаниер яухыр.

Июным и 21-м Сессияр зэхэтащ.

Ответ. редактор М. САКИЕВ.

ВУ № 00215

Черкесская областная государственная типография